



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 17 oktòb 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FRANKLIN D. ROOSEVELT FOUR FREEDOMS PARK PRAL VIN NY STATE PARK

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ouvèti Franklin D. Roosevelt Four Freedoms Park, yon nouvo Pak Eta a ki nan Roosevelt Island nan East River.

Four Freedoms Park se yon omaj pèmanan pou lavi ak travay Prezidan Roosevelt, yon ansyen gouvènè Eta New York ki te alatèt peyi a pandan yon peryòd enstabilite nan istwa ameriken ak nan istwa lemond. Pak la ap louvri pou piblik la nan dat 24 oktòb.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Avèk ouvèti Franklin D. Roosevelt Four Freedoms Park pou sezon lotòn sa a, Nouyòkè yo ak vizitè ki sòti toupatou nan lemond ap gen yon souvni pou rekonèt yon bon kalite dirijan ak yon Nouyòkè natifnatal ki te alatèt peyi nou an nan Gran Depresyon an, epi ki te mennen Lamerik nan viktwa nan Dezyèm Gè Mondyal la. Pak eta New York yo se yon vrè trezò, epi lè nou ajoute Four Freedoms Park sou yo sa ap bay sistèm pak la yon lòt kote pou vizitè yo jwi aktivite deyò, pandan y ap bay omaj pou Prezidan Roosevelt. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo vizite Four Freedoms Park epi pou yo aprann kichòy sou kokennchenn lavi, travay, ak vizyon Prezidan Roosevelt, ant epòk li kòm gouvènè ki te alatèt Empire State pou rive dirije peyi nou avèk yon men estab kòm prezidan.”

Dènye modèl achitèk ameriken ikonik Louis I. Kahn, ak sèl modèl Kahn te fè nan Vil New York, Pak ki sou yon sipèfisi kat (4) ak tè se yon gwo nouvo adisyon nan lavi kiltirèl ak piblik New York. Pak la prezante yon espas biznis an granit nan pwent sid Roosevelt Island, chemen ki gen twa (3) liy, ak yon bist Roosevelt eskilptè pòtre selèb Jo Davidson reyalize.

Rose Harvey, Manm Komisyon New York State Parks, di konsa, “Nou selebre Pak Eta New York yo pou konekte moun yo avèk trezò ki pi enpòtan ak pi enteresan, kiltirèl ak istorik nan eta a. Four Freedoms State Park bati sou yon eritaj, pou prezante kokennchenn vizyon libète Prezidan Roosevelt nan yon moman enpòtan nan istwa ak modèl atistik achitèk selèb Louis I. Kahn.”

Darryl C. Towns, Manm Komisyon/Direktè Jeneral New York State Homes and Community Renewal (HCR), ki alatèt Roosevelt Island Operating Corporation tou, di konsa, “Roosevelt Island te merite yon pak depi lontan ki vo FDR, pou pote non zile a. Four Freedoms Park ap sèvi kòm yon souvni serye pou eritaj Prezidan Roosevelt, ak Pi Gwo Jenerasyon ki te sèvi anba li pou ka konsève libète nou yo.”

Haitian Creole

Sally Minard, Prezidan Franklin D. Roosevelt Four Freedoms Park, di konsa, “Four Freedoms enpòtan ak itil menm jan jodi a paske yo te la lè Prezidan Roosevelt te fèk pale sou yo nan ane 1941. Pak la eksprime eleman debaz sa yo pou demokrasi modèn nan yon anviwònman ki vrèman inik.”

Pak la te gen plizyè deseni nan preparasyon. Gouvènè Nelson Rockefeller ak Majistra Mayor Lindsay te anonse pwojè a nan ane 1973, avèk deziyasyon Kahn kòm achitèk li; Kahn te mouri sanzatann yon ti tan apre li te fin fè plan Pak la, epi pwoblèm finansye Minisipalite Vil New York te dekouraje elan pou pwojè a. Plis pase 30 ane apre, ansyen Anbasadè nan Nasyonzini, William vanden Heuvel ak Four Freedoms Park Conservancy te lanse yon kokennchenn efò pou reviv pak la, pou pèmèt konstwiksyon an kòmanse nan ane 2010.

Pak la jwenn non li nan yon diskou 6 janvye 1941 Prezidan Roosevelt te fè, kote li te dekri vizyon li pou yon monn ki baze sou kat (4) libète debaz moun: Libète lapawòl ak ekspresyon, libète kilt, libète pou moun viv lwen bezwen, ak libète pou pa gen laperèz.

Pak la ap ofri yon resous edikasyonèl dijital konvèsasyonèl gratis, epi vizitè yo ap kapab jwenn nenpòt aparèy mobil. L ap bay narasyon milti-medya ki enpòtan pou konprann siyifikasyon Prezidan Roosevelt, epi yo te deziyen li avèk ankourajman National Endowment for the Humanities avèk èd istoryen yo ak etidyan FDR. Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou Entènèt nan sitwèb:

<http://www.fdrfourfreedomspark.org/>

Avèk adisyon Four Freedoms, Office of Parks, Recreation and Historic Preservation ap opere 179 pak eta a ak 35 espas istorik. Four Freedoms ap premye nouvo Pak Eta a nan Vil New York depi East River State Park te louvri nan Brooklyn nan ane 2007, epi depi lè premye nouvo Pak Eta a nan eta a depi Walkway Over the Hudson State Historic Park te louvri deyò Poughkeepsie nan ane 2009. Se State Parks, Four Freedoms Park Conservancy, and the Roosevelt Island Operating Corporation k ap bay antretyen, pwogramasyon ak sekirite pak la nan tèt ansanm.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418